Nomer 41 — Salasa 6 April 1926 (23 Poewasa 1344) — Taoen ka 2

Pembantoe sareng agen:
Priangan koelon Bestuur Pasoendan Bogor.
di Tjiandjoer Bestuur Pasoendan Tjiandjoer.
Priangan tengah H. B. Pasoendan Bandoeng

# SIPATAHOENAN

Soerat Kabar Minggoean dikaloearkeun koe Tjabang Pasoendan Tasikmalaja.

Ditjitak di Soekapoera drukkerij Tasikmalaja.

Pembantoe sareng agen:
Priangan wetan Bestuur Pasoendan Tjiamis.
Djawa wetan: Bestuur Tjabang Pasoendan. Soerabaja.

LANGGANAN.
3 sasih . . . . . f 1,50
Dibajar ti pajoen. Salambar 15 sen.

Redactie: Heerenstraat 31.
Administratie: Stationsweg 33 Tasikmalaja.

Redaktoer: SOETISNA SENDJAJA ATMAWINATA
Redaktoer di Batawi SOERIADIRADJA.

Directie: Administratie: Bestuur Pasoendan Tasikmalaja

Pangaos ADVERTENTIE:
1/16 katja f 2,— } Sakali moeat
1/32 „ f 1,25 }
Langganan langkoeng mirah.

## LEBARAN.

Saha-saha noe ngintoen kaartjis djenenganana sareng artos f 0,50 atanapi parangko pangaos f 0,50 ka Administratie Sipatahoenan, djenenganana dilebetkeun kana Sipatahoenan.

Tawis njoehoenkeun sih pangaksami ka sadaja.

## Loterij „Pasoendan."

Noemoetkeun Besloeit Goepernoer Pasoendan ping 18 Maart 1926 no. 2 diboekana loterij Pasoendan diwidian diwoewoehan waktosna tiloe sasih. Djadi paling elat eta loterij kedah diboeka ping 17 Juni 1926.

Tina eta sadaja para djoeragan noe ngagaleuh lot soepados djadi oeninga.

Saha deui noe bade ngagaleuh lot Pasoendan?

Enggal-enggal soepados ti sa diboeka ajeuna-ajeuna.

Hormatna
Bestuur Pasoendan Tasikmalaja.

## WARTOS REDACTIE.

Djoer. Soetisna Sendjaja ti ngawitan kaping 30 Maart teu aja di boemina keur angkat ka Bandoeng sareng Tjiandjoer.

Noe djadi wakilna waktosna verlof Djoer. Atmawinata.

## Wartos ti Hoofdbestuur Pasoendan.

**Sareng hormat.**

**Disoehoenkeun anoe sanget pisan ka sadajana tjabang Pasoendan anoe henteu atjan njoemponan kana serat sebaran ti H. B. anoe kaserat dina ping 15 Februari 1925 No. 14 Koe margi doemoegi ka ajeuna aja keneh sawatara tjabang, anoe henteu atjan njoemponan kana panoehoenna H. B. kantenan H B. oge henteu atjan njekapan kana djangdjian anoe kasebat dina serat noe kasebat tadi.**

**Teu kinteu diadjeng-adjengna serat waleran ti tjabang[2] anoe henteu atjan njoemponan kana panoehoenna H. B. tea, soepaos H.B. tiasa enggal ngalakonan sakoemaha anoe kasèbat dina eta serat.**

**Hoofdbestuur - Pasoendan.**

## Schakelschool di Tjiandjoer atanapi di Soekaboemi.

Tjabang „Pasoendan" Tasikmalaja dina tahoen 1924 parantos rekes njoehoenkeun soepados koe Pamarentah dina tahoen 1925 dipasihan subsidie anggoeun ngadegkeun Schakelschool di Tasikmalaja nanging henteu diwidian. Tadina bade rekes deui soepados tahoen 1926 dipasihan subsidie oepami ngadegkeun Schakelschool di Tasikmalaja, nanging dina ping 1 Juli tahoen ieu di Tasik bade diboeka Schakelschool Goeperemen, koe margi eta Pasoendan teu rekes deui.

Bade toemaros ka Bestuur Pasoendan Tjabang Tjiandjoer, koemaha oepami Pasoendan di Tjiandjoer njobi-njobi ngilari tarekah ngadegkeun Schakelschool di Tjiandjoer atanapi di Soekaboemi, kinten-kintenna tiasa kadjantenan? Kitoe soteh oepama Goeperemen teu atjan ngajakeun eta sakola. Perkawis perloe henteuna eta Schakelschool di Tjiandjoer atanapi di Soekaboemi Bestuur Tjabang Pasoendan Tjiandjoer langkoeng oeninga. Sadaja daja njanggakeun!

Hormatna Bestuur
Pasoendan Tasikmalaja.

## Sakola Mulo.

Ari ras koe titis toelis milik diri koelak tjanggeum bagdja awak, estoe matak nieri matak peurih toegenah koe toetoelisan, beda - beda teuing djeung deungeun-deungeun anoe lian, dina sagala roepa akal tarekah ngan tinggaleun bae. Sanadjan ajeuna, dina bangsa oerang, oerang Soenda, geus kaitoeng aja euih-euihna, tapi naha ari disoeroeroep-soeroep djeung batoer mah, beh asa iaip kabina - bina teuing. Nja eta atoeh, ari noeroet kana papakem kolot, koedoe toengkoel ka djoekoet tanggah ka sadapan, komo dina lebah ngoedag kamadjoean mah, beuki mareko deukeut parakona teh, moal aja pisan kaboeboektianana; diseboet kakeueum djadjantoeng oge moal kojo; ari pipiloeeun mentang di alam pawenangan, pinoeh koe aral soebaha, kateungeunahan katoegenahan teh teges ngaran djeung ngalindjing.

Asana bae moen teu salah noe mawa bedja pakoempoelan batoer mah tjabang I. E. V. di Bandoeng ajeuna teh geus mitembejan deui bae njieun rarantjang pikeun ngadegkeun Sakola Mulo I. E. V., baris njamboengkeun sakola handap djeung Kweekschoolna. Ari pangna kitoe teh, saperkara teu koedoe ngadago-dago kaloearan ti Mulo Goeperemen, koedoea perkara hajang ngalagena henteu tergantoeng ka batoer, hajang moeklis beunang itikoerih diri pribadi, djeung katiloe perkarana pikeun njoemponan atoeran anjar tina bab papantjen (vereischte) anoe miloe samen kana hulpacte. Da ajeuna mah tjeuah, anoe geus poegoeh bae di nagri, koedoe bararisa kana moderne talen: Fransch. Engelsch djeung Duitsch.

Beu atoeh, lamoen enja di oerang, di Hindia aja tandjakan kitoe, beuki moal aja bae oerang priboemi pepedalan kweekschool H. K. S. anoe jarasa ngoedag idjadjah eta teh, tjatjakan ajeuna oge, kapan geuning sakitoe tjarang langkana, ngan oekoer aja sakalieun oebar teh saenjana.

Tina hal ieu tea, katjida matak ngalendokeunana kana kamadjoean bangsa oerang, sabab moal aja noe soson soson noe tjlik poetih tjlak herang ngamadjoekeun bangsana ka djaba ti djinisna pribadi, lantaran koe boga rasa hajang gantjang laksana, djeung moal ngingetkeun teuing kana kiritjiking doeit.

Ajeuna mah radjeun oge aja noe tawekal lalamoenan ngahantja kana hulp- acte, manan mahboel mah anggoer goendoel, teu ari koe balas palid, berewit sabehditoeeun berewit, loba pisan barebedanana. Taoen ieu oepamana, tina basa Walanda mokaha basadjan, tina opstel hade, handjakal koe tembang djeung ngagambar. Ari seuh taoen hareupna, aja gealsagd tina tembang djeung ngagambar, harrrr tina basa djeung opstel noe taoen toekang geus salamet geus kaitoeng hade tea, bet djadi balik deui kana goreng.

Tah, bangsa kitoe berewitna teh. Ti tadi oge entjo teh rek ngadongeng sakola Mulo, tapi abong - abong adat kakoeroeng koe bakat, make ditoenda heula koe njiar-njiar pipanjakiteun. Di ditoena mah keur pangdjoeroeng kanoe aranom, abeh njeri abeh peurih, malah mandar kondeal bidjil akalna.

Ajeuna mah koe goepernemen noe diajaan sakola mulo teh kakara di tempat-tempat noe galede bae, anoe sakira-kira moal koerang pimoerideunana djeung noe loba bangsa Europana, tapi ari di noe rada leutik meueusan mah rada dimokahakeun keneh, da meureun moal loba sinjohna atawa enonna djeung bis boedak priboemi moal loba anoe soeka, djadi pangkitoena teh henteu sepi tina margi, henteu karana ti sabab.

Tapi oepama koe oerang ditjoektjroek, loba baroedak sakola H. I. S. anoe teu diteroeskeun diadjarna di Mulo teh, lain lantaran teu hajang, ngan koe teu werat ngamodalanana bae, da teu kakoeroeng koe entik tea. Sabab ari koedoe mangkalan mah ti djaoehna ka Bandoeng atawa ka Bogor, teu kaberik ari koe noe leutik mah, tjatjakan noe pertengahan oge ngan koe awahing djeung awaling bae, ari teu koeatna mah njatjap.

Geura, lamoen di oenggal-oenggal H. I. S. noe noengkoe diajaan Mulo mah, moal datangka kosong, komo dina djaman ajeuna djaman werit soesah koe pagawean, meureun baroedak anoe geus taramat di H. I. S. na teh, moal koengsi dihoetjoelkeun deui, tangtoe riab naroeloejkeun pangadjaranana.

Tjara di Tasik, estoe teroes djeung lelemboetan, sami alihtiar njoehoenkeun ka noe agoeng soepaja dipasihan Mulo, kantenan estoe teu leuwih ti mandjing kana diajaanana teh, sabab nja aja sakola Walanda sarta seueur enonna sareng enjohna, uja H. I. S. mani noengkoe, katoeroeg - toeroeg Tjiamis (H. I. S. na) mani nampeu sadoea-doea (sareng partikoelirna).

Nja eta atoeh, lamoen seug tjabang Pasoendanna tjara I. E. V. di Bandoeng tea loehoer koeta gede doenja, meureun moal ngarep-ngarep heula sisirihan ti noe lian djol djleg bae ngadeg. Tapi nadjan kasipat koe kaajaan ajeuna, koering mah teu weleh-weleh mang njileukkeun, soegan bae teu ajeuna, atoeh djaga, da sagala oge ari koe leukeun ngeureujeuh mah nilik bari ngeusi, pirakoe teu kaboel, da Allah mah moerah; teu matak naon lamoen tarekah deui tjara H. I. S. Pasoendan, teu moestahil geuning, ajeuna ge teu boeroeng ngadjoengkiring.

Pajoesna di Tasik diajaan Mulo teh kadjaba ti noe geus diseboet di loehoer tea deui, eta koe ajeuna mah geus djadi dajeuh karesidenan, sabeh ditoeeun ti noeroeb tjoepoe asana teh, katoeroeg toeroeg moal boa ti Garoet oge tangtoe loba noe datang ka Tawang, da moengsat - moengsat waragad tea.

Tjing atoeh Siiik, gedong - gedong anoe sakitoe rampagna teh peredih, kingkilikan oelah elmoe kodek teuing kitoeh

Mangga sing tawekal
didoakeun koe

Oea Katamsih.

## Hoofdgeld (Padjeg konde).

Tjek „Locomotief" Pamarentah moepakat oepama padjeg konde dileungitkeun oenggal taoen saparapatna, miti ti taoen 1927. Djadi dina taoen 1931 hoofdgeld geus leungit pisan. Koe leungitna hoofdgeld Goeperemen oenggal taoen nampana tina padjeg koerang f 12 malioen. Moega moega bae kangdjeng Goeperemen oelah asa-asa rek ngaleungitkeun hoofdgeld teh, sabab koe abdi-abdi eta padjeg konde katjida karasa beuratna ditambahan koe kabeubeurat desa (dessalasten) deui.

## Ngaroeat H. I. S. Pasoendan Tasikmalaja.

Dinten Saptoe ping 13 Maart 1926 ngawitan taboeh 9 endjing-endjing doegi ka Sonten. Ti dinten djoemaahna keueh moerid-moerid katoet goeroe-goeroena parantos didaramel ngabebetek sakola doegi ka sapertos noe kariaan ageung bae.

Dinten Saptoe taboeh 10 bom ka hidji ngawitan diseungeut, leugeudeut naroengtoetan tamoe-tamoe saroemping babakoena sepoeh-sepoeh moerid anoe bangoen balear manah nandakeun saroeka ati ningal para poetra langkoeng-langkoeng galoembirana.

Tamoe-tamoe ti pihak B. B. teu kirang ti partikoelir, padagang sami merloekeun. Sadaja somoe ngiring soeka ningal kaajaan sakola anjar agreng toer asri beunang diseboet noe oerang, ajeuna katambah dipapaes atoeh teu heran djadi sakitoe ting pontjorong tingkaretip saroe sareng pangauggo tamoe atawa moerid-moerid ma'loem sahentenna da kana pesta.

Wajang ngawitan nembongkeun kaloetjoeanana lalakon Kresna Kembar, anoe narik kana hatena moerid-moerid datangka paheula-heula paawas-awas, soemawonna ajeuna mah asa kaasoeh koe goeroe koe iboe rama, wah boengahna „lain deui I!".

Istri-istri noe garaulis, nonoman-nonoman garandang keun oelah waka ditjarios da bareng bae saroempingna teh, ajeuna bom ka doea djam satengah 11 diseungeut deui, nambah ngaleutna, mobiel delman pasoeliwer kaetang: Aeh-aeh geuning teu woedoe pesta gede?" tjek anoe pada saroemping bari garoemoedjeng soeka, eta babakoena mah sakola priboemi bisa sakitoe djoengkiringna, koe leukeun sarta salabar noe ngoeroesna bae, daraekan.

Tatamoe-tatamoe toean-toean njonja njonja parapangageng disajagikeun di hidji kamar kenging ngahias, sampanje sareng limoen diider-iderkeun warata tamoe - tamoe sepoeh - sepoeh moerid pada njangking ladjeng pada ngadeg. Tatabeuhan didjempekeun.

Djoeragan Voorzitter ngawitan nganoehoenkeun ka noe saroemping, ladjeng njarioskeun babadna ieu sakola nerangkeun tjita-tjita sadaja Bestuur kapoengkoer, sareng teu lalieun ka noe njepeng Pasoedan beh ditoe, nja eta Djr. Sastraprawira anoe ajeuna di Normaal Garoet. Saladjengna nganoehoenkeun ka Kg. Boepati Tasikmalaja Ka Kg. Resident Oost Priangan sareng para panoeloeng Pasoendan anoe parantos banting toelang ngadeudeul Pasoendan doegi ka ngadegna. Panoetoepna njarios ka Kapala H. I. S. nja eta toean M. P. L. G. Hansen anoe parantos sakitoe ageungna kaasean ka moerid-moerid, loeloes ngapalaan sakola parantos 4 taoen teu kirang sawios-wios.

Didjawab koe Toean Hansen sareng kabingahan, moedji moedji madjengna sakola saregepna Bestuur noe arajeuna sareng diemoetkeun deui djasana Djr. Sastraprawira Voorzitter lami

(*)

## Ti pipir hawoe.

**Di rawoe Kelong.**

Sanggeus matja panjinglar Djoer. O. Soebrata bet imoet Gelenjoe teh, ari sihoreng lain dongeng atawa panjingsieunan kolot kaoem koeno, sandekala, rawoe kelong teh, ajeuna, saderek-saderek, kiwari, djaman ajeuna, taoen 1926.

Saha noe dirawoe kelong?

Oerang Tasikmalaja, bestuur Tjabang Pasoendan Tasik, sawareh leden Pasoendan di Bandoeng, Batawi, Tjiandjoer.

Malah noe di Bd. mah, aja noe toeloej teu inget ka boemi Alam, nampik samin, nolak sapadamajan; jen manehna teh asal manoesa, teu njaho dipoerwa daksina, saha nja indoeng bapa soemawon doeloer.

Noehoen sareboe, gerah salaksa, noe rea aringet deui.

Eta waktoe ngarawoe Tasik, bisana meunang f 800 meh sareboe kotor, ongkoh dimana, ari lain di tempat gede mah meunang sakitoe, dalah ditempat noe gede oge arang langka, koe naon? Tapi sanadjan kelong ari njoehoenkeun mah aja keneh,

Enja, tetela harita mah, diseboetna teh. Djoeragan-djoeragan, ari ajeuna, taoen ieu bet moelih ka djati moelang ka asal agan salin djadi ig.

Iiiiij! mani maroeringkak, eta bistir manten di Tasik, dibere stikgas alias njamoer olohok bae, kasian ik mah, stumperd. Batawi njengir bae, si Abang kehilangan wang f 165 (?) war ha je hin han? kagataoe, si abang omhel, dat wil zeggen takoet pletak-pletik zelp hebrek sadja.

Si Madsarip bilang gelin lagi poer modal boekoe Tjari Oesaha, maar roepanja seperti kebon klapa lagi rasiah nembrak.

Inget keneh koering mah, keur Ririwa mapatkeun doa, ngadji halimoenan, noe katingal mah biantara. Ieuh ieu teh doeit keur Ipon Pasoendan njaeta keur noeloeng baroedak Soenda noe poengsat waragad sakola.

Raden Zegel ngeunteung kana balong.

Leden Pasoendan, ajeuna mah geugeuj, da njaraho dina pangnjinglar kokodjo oerang, kade sing iatna bisi aja deui Ririwa Kelong Boengaok.

Gelenjoe.

(*)

nja eta noe ngabaladah ieu sakola sareng njalametkeun ka moerid katoet para sepoehna.

Satamatna ladjeng sadaja sami maparin kawiloedjengan ka sakola kanoe ngageugeuh sareng noenoehoen ka noe Maha Soetji moegi saterasna nangtajoengan ieu sakola, bom ka-tiloe kalina ngadjegoer. Ejar baroedak soerak ambal ambalan dibaroeng gam belan teu poegoeh dengeeunana.

Tamoe tamoe boebar ti patamon njaketan wajang anoe keur mangsana rame, teu lami ngabaris beres mernahkeun andjeun margi bade dipotret baroedak ngadjadjar pangpajoenna. Harita pasoeratan ti post oge ngiring bala wiri, margi teu kendat ngintoen telegram ti mana-mana njalametkeun pesta ngaroeat Pasoendan, sapertos ti Kg. T. Directeur Onderwijs en Eeredienst, ti Padoeka Inspecteur H. I. Ond. Bandoeng ti Kg. Resident Madioen tadina Resident Tasikmalaja, ti Kg. Dalem Bandoeng, Kg. Dalem Garoet, Bestuur Bond van Neutrale Schoolvereenigingen Batawi, ti Djr. Sastraprawira Garoet, ti Djr. Kadmirah Karnadidjaja Bandoeng, ti Djr. Otto Soebrata Voorz. H. B. Pasoen-

dan Bandoeng sareng rea-rea deui.

Noe saroemping roepina bae teu ngemoetkeun kana ageungna pesta, nanging kana loetjoena Pasoendan anoe itikoerih tea ngadegna. Dina waktos bade ditoeangkeun roa tamoe anoe moelih, jaktos saroempingna ka dinja teu mandang kana katoeangan mah, nanging oepami sadaja katoeangkeun sakoemaha teuing bingahna noe djadi Bestuur. Ajeuna noe weu reu seubeuh noe kantoen bae soema wonten moerid moerid sareng saba gian lid - lid Pasoendan. Mang Madsoeki teu kinten pandjangna waktos ngadowana, amin amin amin. Djam 4 sonten ngaroeat rengse.

**Verslaggever.**

## Ngawoewoeh katerangan.

Dina sala sawijos Sipatahoenan dina karangan-karanganana aja kalimah anoe kieu oenina:

„Djoeragan Kadmirah dj. st. ka Pasoendan ngandoeng hate".

Djisim koering ajeuna terangkeun di dieu, jen eta sangkaan teh henteu leres, margi Pasoendan teh hidji pakempelan anoe maksadna sakitoe saena.

Aja deui kalimah kieu:

„Perkawis perhinaan Djoeragan Kadmirah . . . . . . . ka Pasoendan".

Djisim koering dongkap ka ajeuna weleh teu ngartos, perhinaan mana anoe ragrag tina biwir koering pribadi. (Kadmirah Karnadidjaja), noe disebat ngahina ka Pasoendan atanapi ka pagoejoeban sanes. Dongkap ka ajeuna masih poëk keneh bae, teu kapendak noe dikaloearkeun koe lisan djisim koering (Kadmirah Karnadidjaja). Doeka oepami disambaroetkeun mah, tjarios Si Dadap ditoedingkeun ka si Waroe. Moeng perkawis pabili teh sakapeung mah sok matak njeletit, sanaos teu ngaroegelkeun oge, sakirang-kirangna teungteuingeun mah nja kedah.

Aja deui karangan anoe maksadna . . . . . ah mangga bae koe noe maraos timbang koe andjeun, djisim koering mah moal bade njebat naon maksadna, nja eta bilih pahili deui, atanapi lepat kahartosna koe noe sanes. Eta karangan teh oepami teu hilap mah dina Sipatahoenan taoen ieu No. 33, ti Djoeragan Buitenstaander asana mah, moeng dina eta karangan seueur pisan sangkaan-sangkaan, sareng veralag anoe rada njaliwar (henteu njeples) sapertos boektina atanapi noe sama sakali henteu dilisaukeun koe djisim koering (K. Karnadidjaja).

Djoeragan Redaktoer - Redaktoer. Keur kapajoen saniskanten karangan anoe ditoedjoelkeun ka djisim koering, anoe maksadna atanapi didadasaran koe hate . . . . . , koe koering moal dipalire deui. Mangga bae blok-blok, soegan bae ka djisim koering djadi pangadjaran, nja eta sim koering teh keur ngadji kasabaran sareng sadrah, saniskanten dipasrahkeun ka noe Kawasa. Kitoe sateh moen kaoedag. Moen tiasa mah hajang pisan djisim koering didjaoehkeun tina hate: sirik pidik, dengki djoedes atanapi kaniaja ka batoer.

Ka Pasoendan sim koering teu pisan pisan aja hate awon. Pan dina oedaganana oge noe kasebut dina statuten:

„rek **ngamadjoekeun** oerang Soenda".
„rek ngamadjoekeun **kahiroepanana oerang Soenda".**
„rek ngalemesan **pikiranana oerang Soenda".**
„rek nambahan **kasenanganana oerang Soenda".**

Ari djisim koering bangsa naon? Tah eta oedagan anoe sakitoe saena pirakoe teu panoedjoe mah. Oepami kaoedag mah sanes sadaja bangsa Soenda teh henteu diwidji-widji, teu pilih boeloe, si Soenda bakal **nambahan,** njoegihan kabogana.

si Soenda bakal lemes pikiranana, **saleh, loehoeng, njaah,** ka papada bangsa, **njenangkeun** ka sarerea.

si Soenda bakal senang hiroepna, **leungit** kasoesahna, atanapi **djongdjon** enggoning hiroep balangsiarna **teu kagimbreung - gimbreung,** woengkoel ngoedag kana kamadjoeanana.

Oepami bae aja mengparna, atanapi njalahanana, eta tangtos pisan sanes lepatna pagoejoeban, namoeng **lepat noe ngadjalankeunana,** doepi Pasoendanna mah langgeung, tetep renggenek aja dina saena.

Bilih bae aja panoengtoen, atanapi pambantoe pagoejoeban anoe pinanggih sareng katoegenahan, kasesahan, koe lantaran ngagoegoeloeng pakempelan anoe maksadna bade ngadjoengdjoeng rajat **sadajana,** moegi oelah djadi aral atanapi kadoehoeng asal kagoengan kajakinan koe andjeun, henteu kagoengan manah awon, atanapi pangarahan. Sing emoet oerang dongkap kana pagoejoeban teh rek **mere,** rek **hadiah** ka rajat anoe keur sakieu engap-engapanana. Galibna noe **mere,** nja bakal **katjotjeng,** boh **pangabogana,** boh **kasenangan hiroepna.** Tingali tjontona dina sagala bae, boh dina sadjarah, atanapi kadjadian ajeuna-ajeuna di sakoeliah doenja, pembela rajat teh koemaha hiroepna, **di mana** mendak patina, eta sadaja parantos teu gagal deui, kitoe bae.

Anoe hojong njenangkeun kahiroepanana, atanapi kagadoehna (roepi artos-pangkat-gadjih s. dj. t.) koe djalan lebet kana pagoejoeban, atoeh eta mah **sanes bade mere** ka somah anoe parantos sakitoe waloeratna hiroepna teh, namoeng bade **menta.**

Salah-salah djalan, oelah-oelah doegi ka **ngadjoeal nasibna rajat** kana kasenangan manehna tea. Noe kitoe mah meureun dina basa Walandana oge nja eta noe rada kalebet saeutik pisan kana golongan; **„Volksverrader plus Volksbedrieger".**

Sakieu panjombo djisim koering ka para djoeragan.

Salam djisim koering

**Kadmirah Karnadidjaja**

## Studiefonds Pasoendan marhoem

(samboengan Sip. No. 40).

Koe dissoepkeunana eta laporan henteu kalawan sapagodos djeung eta papasinian, H. B. Pasoendan saenjana geus kaloear tina garis kawadjiban noe kakandoeng koe eta perdjangdjian. Ieu mah njamboeng tjatoer soteh, lantaran koe eusina eta laporan galoerna noe perloe henteu kahontal kabeh. Eta laporan noe ditawis koe djoer. Masdoeki sareng sakantjana rek disebat verslag djoer. Masdoeki c. s. bae, ngarah rada pondok, sabab boekti andjeunna moe pakat kana eusina.

Soepados rada malapah gedang ieu dihandap disalin seseratanana, pangna aja eta rioengan. **Seseratan ti doeanana, boh ti oeroet kassier Studiefonds, boh waleran ti Hoofdbestuur Pasoendan' oelah ngan ti sabeulah bae,** sapertos noe dibatja koe djoeragan Kassier dina rioengan tea ngan walonan ti H. B. bae woengkoel.

Bandoeng, den 9den Februari 1926.
(Salinan)

Serat kahatoer
ka Djooragan-djoerau Hoofdbestuur
Pagoejoeban Pasoendan
di BANDOENG.

Sareng hoermat.

Dina Sipatahoenan nomer 38 tanggal 9 Februari 1926 aja laporan Hoofdbestuur Pagoejoeban Pasoendan hal perkawis Studiefonds Pasoendan anoe parantos dikoebrakeun, sabagian tjariosannana aja noe ngawonkeun ka ex kassier, nja eta djisim koering pribados lid Pasoendan; koemargi eta soepados oelah ngawonkeun djelema noe teu gadoeh dosa kitoe-kieu, djisim koering njoehoenkeun ka HOOFDBESTUUR Pagoejoeban Pasoendan, sadajana noe kasebat dihandap ieu, moegi HOOFDBESTUUR Pagoejoeban Pasoendan kersa miwarang kempel di Kantoor Vereeniging, „Himpoenan Soedara" Moskee-weg 7 dinten Saptoe malem Minggoe ddo. 13-2-26 taboeh $1/_28$ satengah dalapan sonten, doepi noe bade ditjarioskeun

a. perkawis kasboek Secretaris Penningmeester Studiefonds Pasoendan.

b, perkawis kekengingannana Hoofdbestuur Pagoejoeban Pasoendan marios boekoe boekoe.

c. perkawis diawonkeunana ex kassier koe laporanana Hoofdbestuur Pagoejoeban Pasoendan.

Moegi Hoofdbestuur kersa masihan kabar, kersa henteuna ngadamel ieu kempelan.

Tawisna ex kassier
(lid Pasoendan)
**(w. g.) Masdoeki**

Bandoeng, den 9den Februari 1926

Kempelan loear biasa
di kantor Vereeniging, „Himpoenan Soedara" ddo. 13 Februari 1926 taboeh $1/_28$ satengah dalapan sonten (malem Minggoe).

Noe kedah dikempelkeun.

1. Lid Hoofdbestuur Pagoejoeban Pasoendan.
2. Ex Secretaris Penningmeester Studiefonds Pasoendan djr. Moechlies sareng oepami tiasa djoer. M. G. Kartaatmadja.
3. Djoer. Ema Bratakoesoemah.
4. Djoeragan - djoeragan S. Wirasasmita.

A. Wirasasmita
Kartabrata
Kadmirah Karnadidjaja
Roehijat Martadinata

sareng oepami perloe lid bestuur Tjabang Pasoendan Bandoeng, koe margi djisim koering djadi lid Tjabang Pasoendan Bandoeng

Tawisna poen
(w. g.) **Masdoeki.**

Bandoeng, 10 Februari. 1926.
No. 12

Kahatoer

Djoeragan M. Masdoeki, batikhandelaar Pasar Baroe No. 13.

S. h.

Ngawaler serat kintoenan ping 9 Februari:

a. Noe dimaksad koe H. B. Pagoejoeban Pasoendan henteu pisan-pisan ngawonkeun sing saha bae, oepami teu kantenan alang oedjoerna, komo lebah di noe teu mais teu meuleum mah.

b. Maksad laporan dina Sipatahoenan henteu aja sanes moeng ngoearkeun sakoer noe kapendak koe H. B. Pagoejoeban Pasoendan noemoetkeun kaboektian noe tiasa kapilari, njaeta njoemponan sakoemaha pamoendoet algemeene ledenvergadering pag. Pasoendan di Tasikmalaja ping 25 December 1925.

c. Koe diebrehkeun dina serat kabar oge geus tetela pisan, jen pag. Pasoendan teh henteu rek soempoet salindoeng, estoe broekbrak, sarta ridlo, pisan; estoening tjlak poetih tjlak herang sedja toemoet kana timbangan anoe sanes, anoe tiasa ngajakinkeun kana kakiranganana atanapi kalepatanana.

d. Boektina memeh congres Pasoendan di Tasikmalaja oge sareng sabadana eta congres parantos tiloe kali babadantenan sareng bestuur Studiefonds, anoe diwakilan koe djoeragan Ema Bratakoesoemah, ngabadantenkeun eta Studiefonds, malah pangpandeurina mah disarengan koe djoer. S. Wirasasmita. Kitoe deui memeh congres, parantos ngasorkeun panoehoen ka djoer. Ema soepados salasawios lid comite Studiefonds kersa ngaloeoehan eta congres di Tasikmalaja, bilih aja noe moendoet katerangan anoe pandjang lebar perkawis eta Studiefondt. Tetela pisan maksad H. B. pagoejoeban Pasoendan sanes bade ngagoear kateuakoeran atanapi njabit njabit noe matak djadi waredjit, moeng sakedah polah njoesoel piloeloeseun, ngasoeh karahajoean oerang Soenda.

e. Djabi ti njoemponan kawadjiban noe dipoetoes koe congres teh, koe emoetan ninggang pisan dina kaadilan, laporan H. B, pag. Pasoendan dilebetkeun kana Sipatahoenan. Kapan dina laporan comite Studiefonds oge disebatkeun, sing salsa bae kenging moendoet katerangan. Eta geuning laporan H. B. Pasoendan koerang jakin tjenah, hih atoeh lereskeun bae dina Sipatahoenan, djentrekeun sing mandjing kana galoer noe satemenna.

f. Namoeng koe margi djoeragan aja maksad ririoengan babadantenan hal ieu, atoeh kantenan langkoeng oetami, ditampi pisan kalawan koe asta kalih.

g. Nanging oepami henteu lepat paham, noemoetkeun serat ti djoeragan tea, H. B. Pasoendan kedah ngondangan sakoer noe kasebat dina eta serat. Koe timbangan H. B. Pasoendan mah lebah dieu **moeng darma kaondang, bade ngoepingkeun naon kateupanoedjoeanana kana laporan H. B. Pasoendan tea sareng lebah mana kalepatanana, noe henteu jakti sareng kaboektianana, soepados djadi merenah galoerna.**

h. Oepami pamaksadan djoeragan tjotjog sareng sakoer noe kaoenggel dina g. noe bieu, insja Allah H. B. Pasoendan bade dongkap ka kantor Vereeniging „Himpoenan Soedara" Moskeeweg 7, dina malem Minggoe ping 13 Februari taboeh satengah dalapan tea, sakoemaha panoehoen djoeragan. Malah Bestuur Tjabang Pasoendan oge parantos diwartosan. Moeng ngondang djoeragan - djoeragan noe sanes koe timbangan H. B. Pasoendan sanes kawadjiban H. B.

i. Koe kitoe koe kieu, tjios henteuna, diantos katjida waleranana, sae toedjoelkeun ka djoer. 1ste Secretaris Gang Tjikapoendoeng no. 43 a/d Bragaweg.

Kalawan asmana H. B. Pasoendan.

1ste Secretaris
(W. g.) Pradjakoesoemah.

N. B. Koe katampina serat ping 11 Februari ti djoeragan, hal ieu parantos beres, teu kedah diwaler deui.

Bandoeng, den 11den Februari 1926.
(Salinan).

Serat kâtoer
ka djoeragan-djoeragan lid Hoofdbestuur Pagoejoebae Pasoendan
di BANDOENG.

Sareng hoermat.

Sanget panoehoen djisim koering, moegi djoeragan-djoeragan kersa merloekeun soemping ka gedong Vereeniging, „Himpoenan Soedara" dinten Saptoe malem Minggoe ping 13 Februari 1926 taboeh $1/_28$ satengah dalapan sonten, perloena baris ngalereskeun laporan Hoofdbestuur Pagoejoeban Pasoendan hal Studiefonds Pasoendan noe parantos dikoebrakeun noe dimoeat di soerat kabar Sipatahoenan tanggal 2 Februari 1926 nomer 33, margi aja sabagian anoe njabit-njabit kana pagawean djisim koering, diantos oelah doegi ka teu soemping.

Hoermat noe ngantos-ngantos
**(w. g.) Masdoeki.**

**Pangapoenten:** Geura manah, saha noe ngasongkeun panoehoen, djoer. Kassier oeroet atanapi H. B.? Naha bet H. B. koedoe ngondangan sarta tempatna djoldjol ditetepkeun bae koe djoeragan ex - kassier? (tingali waleran ti H. B. lebah g.). Sajaktosna mah koe ajana serat noe saroepa kitoe tala ljakna oge H. B. henteu wadjib noemoetkeun ka panoehoen noe sabangsa kitoe, ngan bade leah soteh, awitna mah noe dimaksad teh hajang beres lemes.

Komo geura oepami ngemoetkeun kana ieu mah:

Kantja-kantja H. B. dina wengi eta ti awitna keneh geus boga maksad bade marios kana ondangan, Djoer. Voorzitter dina Saptoena angkat ka Batawi, djoer. 1ste Secretaris awitna Saptoe sonten teh bade mios, loenta ngabereskeun kaperloean pakoempoelan. Lantaran arek leah tea, ngangken kana pamoendoet djoer. ex-kassier Studiefonds, djoer. 1ste Secretaris. kapaksa kedah mios Ahadna soeboeh soeboeh, seug dina kawenginakeunana tas tina ondangan, da geus pasang soebaja tea nekanan kana djangdji pasini. Ngan djoer. Voorzitter henteu tiasa moendoerkeun deui kana mios ka Batawi, djadi teu noengkoelan eta rioengan.

Asa koerang koemaha atoeh ngajonanana H. B. kana panoehoen noe sanes. Ari dongkap kana rioengan, djoldjol hoedjan angin gelap dordar bae (ngan henteu boeta radjin) H. B. ngan olohok noe aja sadjongdjongan mah, ngan oekoer bisa taoed dina djero hate.

Namoeng noe kaemoet, H. B. Pasoendan hajang nintjak dina kasabaran, djadi nadjan seueur ketjap noe garihal njarentoeg oge, seuneu ngentab-ngentab nepi kana lalangit, henteu dihiding (tingali laporan noe di tawis koe djoeragan Masdoeki sareng kantjana).

Ajeuna oerang njarioskeun **katerangan ti H. B.** tina neundeunna laporan noe saoer djoeragan ex - kassier Studiefonds ngawonkeun andjeunna. Tjeuk laporan H. B. dina kasboek Secretaris-Penningmeester.

a. Dipasrahkeun ka kassier: September 1921 f 100,—
October „ „ 450,—
November „ „ 100,—
sareng saterasna.

Tah saoer djoer. ex-kassier noe f 100,— djeung f 100 teh lain storting, tapi majar hoetang, geuning dina kasboekna oge ditoelisna Crediteuren. Noe matak ditoelis kitoe teh henteu koemaha karep, tapi ngandoeng dadasar. Dina kasboek tetela diseboet Crediteuren djoer. Masdoeki, tapi basa naroskeun katerangan ka djoer. Ema sareng djoeragan S. Wirasasmita (noe minangka wawakil Bestuur Studiefonds) andjeunna henteu tiasa maparin katerangan. Noeroetkeun paham H. B. Pasoendan noe disebat crediteur (noe ngahoetangkeun manawi Soendana mah) teh moal enja bisa narima panaoer, lamoen henteu tibeula, geus ngahoetangkeun. Ari eta Kasboek Secretaris - Penningmeester teh, nilik kana kaajaanana mah koe Pangoeroes Studiefonds siga diakoe sah, lantaranana henteu aja tjatetan atanapi katerangan, jen eta kasboek teh henteu dianggap bener. Koe sabab dina bagian panarimaan sama sakali henteu aja nampa doeit ti crediteur, boh ti djoer. Masdoeki, boh ti djoer. Waroe atawa djoer. Dadap, eta ketjap Crediteur teh henteu ditoeroetan koe H. B. henteu merenah lebah dinja mah sarta koe lantaran toekangeun ketjap Crediteur diseboet djoer. Masdoeki djeung djoer. Masdoeki teh kassier Studiefonds sarta maksad H. B. **sanes persoonlijk** (moal noedjoel djirimna djelema), nja koe H. B. diseboet dipasrahkeun ka kassier (tingali oge katerangan djoer. Idih dina verslag djoer. Masdoeki c. s). Djabi ti eta, H. B. oge harita geus ngandoeng sangkaan, dimana noe lepat, moeng henteu maksad toendjak toendjoek si eta atawa si itoe salah. Kapan hajang beres tea?

Toeroeg toeroeg dina laporan H. B. oge disebatkeun **„kedah dipaparin katerangan hal ieu." Koemaha eta teh noe sajaktosna?**

Naon lepatna njoehoenkeun katerangan? Bade noeroetkeun batoer bae Vragen is vrij. Koe pertanjaan H. B. dina a. (laporan H. B. tea) H.B. geus boga tjiptaan tjatetan dina kasboek henteu merenah, sabab dina eta boekoe henteu tetela, toer wawakil noe doea ti Studiefonds teu tiasa nerangkeun.

Djabi ti eta djoer. ex-kassier oelah salah paham; lamoen aja noe njeboetkeun: tjek Secretaris - Penningmeester djalan ti Bandoeng ka Batawi noe pangdeukeutna ngaliwat Tjiandjoer, ari tjek kassier henteu ngaliwat Tjiandjoer. Teras aja noe naros: Koemaha eta teh noe sajaktosna? Tjing naha noe nanja kitoe teh maksoedna njalahkeun **ka kassier sorangan ka Secretaris-Penningmeester sorangan** atawa **ka doeanana?** Ari tjeuk H. B. mah moal mandang ka salah saoerang, tapi hajang njaho saenjana, sabab boa teuing doeanana saralah, da noe rek ditjekel teh **poehoe bebeneranana.**

b. Dina laporan H. B.: Noemoetkeun boekoe Kassier dina ping 9 Januari 1922 kassier masrahkeun artos ka djoer. Roestami f 200. Mana verantwoordingna?

Saoer ex-kassier: Teu roemasa marahkeun ka djoer. Roestami, tapi ka djoer. Secretaris-Penningmeester.

**Katerangan H.B:** (dina verslag djoer. Masdoeki c. s. henteu tjoekoep) Dina boekoe kassier ditoelis **„teroes ka Roestami"**, jaktos H.B. pertjaja pisan kana eta tjatetan, boektina:

1. teu aja katerangan naon-naon deui, jen eta tjatetan teh salah, meureun moen salah mah ditjoret bae koe mangsi beureum.
2. dina kasboek Secretaris-Penningmeester henteu kapendak dilebetkeunana eta panampian artos teh.

Oelah lali, maksad laporan H. B. sanes rek neangan boeboek leutik noe kitoe, ngan hajang terang soteh kana naon dipakena artos, boektina aja patarosan: Mana verantwoordingna? Lebah dieu djoer Ex kassier **roepina salah paham deui.** boektina njebatkeun kieu: (tingali verslag andjeunana): „Tapi ieu mah diseboet djoer. Roestami, siga noe maksoed ngahadja persoonlijk, komo ditambahan nanja mana verantwoordingna." Aeh-aeh, naha naroskeun verantwoordingna teh ka kassier? Oepami sangkaan andjeun kitoe, pohara lepatna, kieu geura: Doeit eta Studiefonds teh ti Bestuurs lid (kassier) dipasrahkeun ka bestuurslid sedjen, oepamina A, djadi tetep dina kalangan bestuur. Meureun eta artos teh dipake kana roepa roepa kaperloean. Djadi saha noe koedoe mere verantwoording teh kassier atanapi bestuurslid A, noe kapasrahan doeit tea, keur majar sagala roepa kaperloean? Tangtos bae A. Djadi koe timbangan H. B. moegi djoer exkassier oelah tampi raos.

Tjenah eta henteu masrahkeun ka djoer. Roestami, atoeh ari henteu tjekap koe katerangan ti H. B. noe bieu mah, jen dadasarna kitoe sapertos noe disebat tadi sareng kitoe maksadna, da ari galoerna mah moal geseh. Kitoe deui H. B. henteu aja wagelan eta omongan b dirobah kieu:

**Noemoetkeun boekoe kassier dina ping 9 Januari 1922, djoer. Roestami kapasrahan artos f 200,—. Mana ver-**

antwoordingna. (Awitna: Noemoetkeun boekoe kassier dina ping 9 Januari 1921 kassier masrahkeun artos ka djoer. Roestami f 200,—. Mana verantwoordingna?)

Mangga tingalian bentenna! Ari hojong noengtik kana tektek bengek mah geuning dina verslag andjeunna pribadi aja omongan kieu:

Djoer. A. Wirasasmita: „Bener eta majar hoetang, anoe ngindjeumna oge koering f 100.— ti djoer. Masdoeki, waktoe rek pesta di Ons Genoegen, noe moelangkeunana koering keneh. Tah geuning djoer. kassier, lamoen rek noeroetan djoer. mah, atoeh djoer. Masdoeki teh Lain crediteur Studiefonds, tapi djoer. A. Wirasasmita sabab nja djoer A. Wirasasmita noe masrahkeun doeit ka Studiefonds teh, sarta noe nampanan doeit noe dipoelangkeun ti Studiefonds, nadjan meureun saenjana mah djoer. A. Wirasasmita teh ngan djadi longserna bae.

Djabi ti eta, lantaran dina verslag djoer. Masdoeki c. s. teu kinten seueurna njabit njabit ka H. B., noe teu atjan diwaler di loehoer, manawi perloe oge dilebetan deui katerangan djabi ti a sareng b tea:

**I. Djoer. ex-kassier kahojongna, samemeh laporan H. B. dilebetkeun kana serat kabar, koedoe ka kassier heula nanjakeun katerangan katerangan.**

Timbangan H. B. mah henteu kedah kassier, kapan koe tataros ka Bestuur Studiefonds oge leuwih ti tjekap. Boektina geuning dina serat kabar oge diseratkeun tiasa ningalan boekoe-boekoe di Balonggede No. 9. Meureun djoer. ex kassier oge ngartos, jen handelslichamen atanapi pakempelan oge sok pada boga domicilie. Tah disangkana koe H. B. teh domicilie Studiefonds marhoem nja di Balonggede No. 9. Noe mawi barang taros sagala roepi oge nja ka adres eta. Ari boemina kassier, Secretaris atanapi Voorzitter mah, masing aja dipipir imah H. B. oge, moal rek dipandang, kitoe deui djelemana hidji hidjina H. B. henteu koedoe apal, ngan noe ditaros teh pangoeroesna (Voorzitter) Studiefonds. Bongan bae wawakilna noe aja henteu tiasaeun mere katerangan noe sampoerna. Eta mah salahna Bestuur, naha ngawakilkeun ka noe koerang paham.

H. B. bebedja ka wawakil Bestuur Studiefonds rek ngilikan boekoe-boekoe. Saha-sahana noe rek noengkoelan noe djadi wawakil, koemaha dinja, sanes kawadjiban H. B., koedoe njanggakeun panoehoen ka wawakil, sangkan leden noe sanes karoempoel, soepaja mere katerangan. Eta mah kawadjiban Bestuur Studiefonds sorangan, rek koempoel henteuna mah.

**II. Naon sababna atawa naha mereoah laporan H. B. diasoepkeun kana Sipatahoenan?**

Tjek H. B.: „Pohara merenahna, lantaran:

1. Dina Sipatahoenan No. 27 ping 29 December 1925, Bestuur Studiefonds geus ngoearkeun, jen eta Studiefonds dikoebrakeun; verantwoordingna kenging ditingalian koe saha bae di boemi djoer. Ema, Balonggede No. 9.

2. Laporanana (verslag) Bestuur Studiefonds dilebetkeun dina Sipatahoenan No. 30 ping 19 Januari 1926.

3. Koe sabab waktoe H. B. menta katerangan ka wawakil Bestuur Studiefonds noeroetkeun oearan dina Sipatahoenan No. 27 tea (a) koerang sampoerna djawabanana, kapaksa menta katerangan dina soerat kabar Sipatahoenan, soepaja bestuurleden noe sanes noe di Bandoeng sareng noe di tempat sanes oeninga, soegan bisaeun mere katerangan noe bener.

4. Soepados enggal ka oeninga laporan H. B. koe para kantja leden Pasoendan, lantaran seueur noe ngalanggan kana eta serat kabar, toeroeg toeroeg Sipatahoenan teh minangka orgaan pagoejoeban Pasoendan (Sipatahoenan No. 36 ping 2 Maart 1926, saoer djoer. Soetisna Sendjaja redacteurna Sipatahoenan: „Oge pikeun nepikeun kapalaj Hoofdbestuur ka elid-elid djst. . . . . . . ").

5. Laporan (verslag) ti bestuur Studiefonds ngan ti semet 20 Juni 1924, henteu ti mimitina ngadeg.

**III. Saoer djoer. Ex-kassier dina verslag andjeunna: H. B. Pasoendan mariksana kaboek Secretaris-Penningmeester Studiefonds gagabah siga noe kaboso ngewa ka Studiefonds.**

Tjobi oerang taloengtik hidji-hidji:

a. Gagabah? Hal ieu mah njanggakeun ka noe oeninga. Moeng moegi oelah pada lali bae, ari kana ma-


# TOKO SEPATOE
## „S. J. ENAR"
STATIONWEG 41 A. TASIKMALAJA.

Parantos kasohor. Parantos kenging Ererediploma. Parantos kenging Medalle.
TOEDOENG „PANAMA". Damelan Radjapolah
Coemplit kenging ngoelitan sareng mitaan kantoen nganggo oedeng anggoeun Djoeragan - djoeragan anoe biasa nganggo oedeng.
1 Panama noe didamel tina palm f 8.—
1 Panama noe didamel tina djakat kenging strobin f 2.50
1 Boengkoes anggoeun pamoelasna. f 0.35
Sadjabi ti anoe kasebat di loehoer ngitjalkeun sareng nampi pesenan, Sepatoe Slop, Sendal, Taroempah Ketoe oedeng, roepi-roepi model Djawa model Soenda Kopeah boeloedroe. kopeah padang sareng sanes-sanes deui.

Enggal soemping atanapi pesen ka adres.

TOKO SAPATOE „ENAR"
Stationweg 41 A.
TASIKMALAJA



FROM
# TABIB FAZAL MOHAMAD
HINDOOSTAN'S MEDICINE SHOP
TJIHIDEUNGWEG No 14 TASIKMALAJA.

VERKLARING.

Anoe nanda tangan di handap ieu R. H. Achmad Cartobie di Tjitapen Tasikmalaja. Nerangkeun kamandjoeranana oebar ti Toko Fazal Mohamad di Tasikmalaja. Anoe geus ditjoba koe sim koering babakoena tina perkara oebar panjakit Ambej. Ieu panjakit noeroetkeun kajakinan bangsa Tabib jen koedoe dibelek (operatie) Tapi sanggeusna sim koering dioebaran koe ti Toko Obat Hindoestan noe kaseboet di loehoer, bisa tjageur teu dibelek deui.

Djadi kasanggoepanana eta obat noe geus disebarkeun di soerat kabar estoe benerna, toer ongkosna moerah pisan, lamoen dibandingkeun djeung banggana panjakit.

Tanda tangan noe kaseboet di loehoer
H. A. Cartobie.

Jang lain dari itoe ada banjak jang kasih poedjian saperti:
Dari: Toean Buirger Noesa Kambangan Tjilatjap
Toean Moh. Bawasir Tjjlatjap.
Hadji Abdoel Hamid Tjilatjap.
Toean J. A. Tan Djokjakarta.
Toean Basiroean Delangoe Djokja.
M. Prawiro Djokja Toegoe.
M. Soekantapradja Kalangsari Tasikmalaja.
R. Wiria Manondjaja. Toean M. I. Pieters Koetoardjo.
M. Soma Tjigedoeg Garoet.



# SIK DJOEN KWAN
## TOEKANG GIGI
Tjihideunggede No. 23 Tasikmalaja.

Teu aja deui angen-angen sadajana, jen di doenja palaj hiroep senang sareng kasehatan, dina barang toeang kapalaj teh anoe parelem anoe raraos bae. Handjakal tina hal barang kasehatan waos mah, margi sakoer anoe di toeang eta sajaktosna nambihan oelam, teu karaos njarelapna dina waos, lami-lami ngagoendoek ka lebet doegi ka kadjadian njeri waos sareng koropok.

Di dieu bade diterangkeun, jen kasawat waos oepami teu ditoeloeng koe ahlina (dukterna) moal tiasa sae, katoeangan anoe teu antjoer pisan ngadjadikeun kasawat lalendeng poesing, njeri patoeangan, sesek napas, eungap, teu aja napsoe kana barang toeang sareng sanes-sanesna. Ieu sadaja kasawat moal tiasa sae leres-leres, oepami waos masih teu sehat, ngandoeng pirang-pirang oelam.

Ajeuna sim koering di dieu parantos ngadeg tokona njajagikeun roepi-roepi landong waos, anoe koemaha bae tiasa dilandongan koe sim koering kalawan ditanggel.

Nja kitoe deui njajagikeun waos palsoe, poslen, toelang, perak, emas saniskanten aja. Ngaratakeun waos ngaberesihan sareng ngagilapkeun soepados herang sapertos kilat tatit, koemargi kieu, tangtos djadi ngawoewoeh tjahaja.

Njajagikeun deui panon palsoe, oelah salempang.

Djoeragan djoeragan istri dilandonganana koe njonja, nja eta poen bodjo.

Anoe ngantos pesenan a saroempingna'
SIK-DJOEN KWAN
18 Sarimbit.


# MAPARIN TERANG.

Di Kantoor Kaboepaten Tjiamis disajagikeun pikeun soegri noe hajang terang.

a. Rarantjang verordening atoeran Roemah Tangga Desa.
b. Rarantjang Verordening atoeran ongkos djalan djeung mondok Lid Raad Kaboepaten Tjiamis.

Tiasa ngagaleuh salinanana.

Tjiamis, 26 Maart 1926.
Boepati Tjiamis
R. A. A. SASTRAWINATA


# Dr. TAN TJOEN HAIJ
ARTS.
Di Kebondjoekoet Zuid Bandoeng, tjaket tilas boemina Djr. Dr. Saleh Marhoem.
Ngalandongan sagala roepi panjawat. Marios saban dinten.

Waktosna.
Endjing-endjing 7-9
Sonten 4-5
41



PERELOE AROENINGA.

1000 (sareboe) Keretas post sae kenging njitak pangaos . f 4.50
1000 ( „ ) Amplokna „ „ „ „ . f 4.50
Zak-Almenak taoen 1926. sadjilidna . . . . . . f 0.35
Boekoe Inlandsche-Verponding kenging njeerahan djoeragan R. SOENARJAKOESOEMAH Onder Voorzitter Landrad Meester - Cornelis pangaos sadjilidna . . . . . . . . . . f 1.—
Boekoe tjarios Pemboenoehan toean Doorman pangaos . f 1.25
Tas tina koelit anoe sae mode JORNALIS, timbangan serat sareng roa-roa deui kaparloean kantor-kantor sareng parabot njerat anoe sesah ditetek hidji hidjina, pangaosna anoe tangtoe mirahna.

Padamelan tjitakan ditanggel sae, enggal.

Anoe ngadjeng sareng hoermat
„Caloenggoeng Drukkerij."



Eere diploma ti Groote Tentoonstelling Tasikmalaja. 1925
# Koek - en Banketbakkerij
Fabriek
RADEN NATAMIHARDJA
Stationsweg 15/17 Tasikmalaja.

Sadjabi ti sajagi koeweh-koeweh teh disajagikeun tempat ngaleueutna noe sampoerna.

Sareng tiasa ngitjal kaperloeanana koeweh, sapertos: boemboena, klosirna sareng kembangna oge, pangaos kenging badanten.

Tiasa mangdamelkeun ijs poeter noe sajaktosna, dina 1 Liter timbangan pangaos f 2,50 doegi ka f 5— ditanggel sae.

Noe ngantos
17 Raden Natamihardja.
Stationsweg 15/17 Tasikmalaja



TOKO en DRUKKERIJ
Pasoendan Tasikmalaja.

Boekoe-boekoe saniskanten pangadjaran sakola, Bale Poestaka sareng roepi-roepi aosan sepoeh anom pameget istri. Batara Rama I en II Wajang Poerwa (babadna Pendawa).

Tinoenan: Roepi-roepi saroeng geroesan, palekat, andoek-andoek sadaja kaloearan Soekasoekoer karadjinan oerang Soenda.

Tatanen: Sajagi binih soeoek wedalan Bogor roepi-roepi, mananggel djadi kaoentoengan noe tani, binih djagong Bandjar noe paloekna tea.

Prijscourant sareng monster kenging dipoendoet.

Tjitakan: Roepi roepi staat, ondangan sareng blanco blanco. Henteu awis. Sadaja pangaos galib ajeuna mirah bae.



TOEKANG KAJOE DARI BATAWI
# SIN HONG BOEN.
Pasar kolot 13 Tasikmalaja.

Ngitjal sareng ngadamelan barang-barang tina kajoe sareng howe, padamelan mananggel beres rapih sareng sae. Kenging diaben sareng sanes-sanes. nja kitoe deui dina modelna,
Pangaos mirah, sedeng bersaingan
Roepi-roepi marmer, katja batoe, kaja hedjo, ieu sadaja djadi perhiasan ngawoewoeh kana resmina barang. Mangga tingalian saksikeun, bandingkeun saniskantenna.

Noe ngantos-ngantos.



# AWAS!!
SA'IR PENTING

Lamoen palaj njenangkeun manah,
anoe tjotjog kana manah,
ka salira matak ngareunah,
matak djaoeh tina pitnah.

Mending oge ngaos boekoe,
dina korsi atawa bangkoe.
moen kahartos moal kakoe,
pikeun saneskara lakoe.

Lamoen palaj raos seuri,
ngaos boekoe „PABRIK SEURI
matak leungit sagala kanjeri,
datang ni'mat noe mawa sari.

Moen palaj raos gesmoedjeng,
ngaos boekoe „GOEDANG GOEMOEDJENG,
landong matih matak wiloedjeng,
mangga soemping teu kinten di adjeng-adjeng.

Boekoe „ROESIAH NOE GEULIS"
leujepkeuneun noe gareulis,
pikeun noelak setan ibilis,
matak terang „ADJINA" geulis.

Lalakon djaman ajeuna,
anoe teu kinten ramena,
„ELIS ATJIH" tjarioena,
dipikaresep koe sadajana.

Boekoe sae djabi ti eta,
ti „DJR. M. I. PRAWIRA-WINATA"
ti „BALAI POESTAKA" ojata,
noe kasohor ka oenggal kota.

Pikeun djalan „KAMOELJAAN,
soemangga geura tjobian,
senes kaoten disajagian,
di BIBLIOTHEEK „SINAR-KAMADJOEAN.



# Perloe Oeninga.

Mangga sae mangga tjobian mangga boektikeun salamina nampi roepi-roepi padamelan panganggo pameget atanapi anggoan Maroerangkalih noe didamelna ditanggel sae sareng rapih, oge kantenan disajagikeun lawonna roepi-roepi sareng nampi kengkenan ngadangdosan roepi roepi bangsa erlodji kalajan disajagikeun saparabotna.

Diantos pisan kersa njobian sareng enggal pesen Ongkosna (Pangaosna) di tanggel mirah.

Hormatna poen
SASMITA
Kleermakerij en Horlogemakerij merk
„Malah Mandar"
Stationweg 21
T SIKMALAJA.


H. I. S. Pasoendan
Tasikmalaja.

Soegri noe bade ngalebetkeun moerangkalihna ka H. I. S. Pasoendan sae tjandak bae moerangkalihna taboeh 9 endjing-endjing ka sakola di Kebon Tiwoe ti ngawitan ping 20 April '26.

Kalajan asmana H. B. Pasoendan
Bestuur H. I. S. Pasoendan
di Tasikmalaja.


# DOCTOR SOEKARDJO
Heerenstraat No. 18
(Poengkoereun Masdjid)

Nampi tamoe oenggal dinten, djabi ti **Senen** sareng **Kemis**, margi kedah tournee ka Pangandaran,

riksa noe jakin mah (**werkelijk onderzoek**) pimanaeun teuing, kapan teu gadoeh hak ari pagoejoeban Pasoendan mah ngan oekoer tiasa **ningalan**, kapan saoer djoer. Bestuur Studiefonds koe andjeun: Pagoejoeban Pasoendan henteu pipiloeeun kana Studiefonds, sabab ieu henteu kakoeroeng **atawa** katalian koe noe sedjen. Kedah djadi oeninga deui, ningalan boekoe-boekoe teh sajaktosna doea kali di Societeit Pasamoan Pasoendan sareng di boemina Djoer. S. Wirasasmita, sakalina manawi kinten-kinten doea djam.

Gagabah tjenah. Atoeh bereskeun bae, naha henteu mere tjonto atoeh.

b. **Siga noe kaboro ngewa ka Studiefonds.**

Bade naros: naha taladjakna H. B. dina ningalan boekoe boekoe Studiefonds teh, noe doea kali tea, jaktos siga noe ngewa? Pikatjoeaeun? Atoeh meureun, naradjang di H. B., waktos ningalan siga noe ngewa mah, tetela moal kenging katerangan. Tjing tjobi taroskeun ka djoer. Ema sareng djoer. S. Wirasasmita.

Prakprakanana ningalan H. B. Pasoendan noe sajaktosna tingali dina laporanana noe dilebetkeun dina Sipatahoenan No. 33 tea ping 9 Februari 1926, tetela henteu ngandoeng kangewa, sawangsoelna **dadasarna kapertjantenan, pertjaja, ka noe ngoeroeskeun eta Studiefonds.**

Meureun ari ngewa mah taladjakna H. B. teh:

1. **Ditoeliskeun boekoe boekoe noe aja**, saha noe djadi **pangoeroesna**, diseboetkeun koemaha kaajaan boekoe-boekoe noe kapanggih.

2. **Dina laporan moal eunja noelis roepi roepi patarosan**, meureun djeploek djeploek bae ditoelis **kasalahanana.**

3. kana laporan Bestuur Studiefonds meureun oedjoeg-oedjoeg njela bae: Naha laporan teh henteu diebrehkeun, asoep kaloearna doeit ti mimiti ngadeg Studiefonds, ngan oekoer ti semet doeit noe ditjangking koe djoer. Ema? Na ka mana ari ladang tooneel di Tasik? Mana pangintoen ti Batawi? Mana ari beubeunangan tooneel di Soekaboemi, di Tjiandjoer?

4 Sajaktosna **laporan H.B.** memeh congres Pasoendan loear biasa dina ping 25-26 December tea parantos beres saperloena (kenging 2 djam ningalan tea). Ari waktos ningalan kadoea kalina mah (2 djam deui) ngan oekoer njotjogkeun woengkoel djeung sakoer noe geus katjatet.

Geura lamoen ngandoeng pikiran serong mah, meureun eta laporan teh dibatja bae dina congres tea atawa gampang teuing, asoepkeun bae dina Sipatahoenan. Kapan ieu mah ngasoepkeunana oge **9 Februari** 1926, **saentas** Bestuur Studiefonds ngoearkeun dikoebrakeun sarta sing saha bae kenging ningalian boekoe-boekoena (**29 December 1925**), **saentas** laporan Bestuur Studiefonds diasoepkeun dina Sipatahoenan **ping 19 Januari 1925, saentas** njoehoenkeun kateranganana di boemi djoer. S. Wirasasmita ka wawakil Studiefonds, lantaran teu tjoekoep kateranganana (ping **22 Januari 1926**)

4. Saoer djoer. ex-kassier deui dina verslag andjeunna: **siga anoe maksad ngahadja persoonlijk.**

Oepami jaktos persoonlijk, naha sabaraha kali **djenengan** djoer. **kassier** Masdoeki disebatkeun dina laporan H.B.? Ngan roemaos djenengan djoer. Roestami sering kasebat, lantaran henteu terang jakin, andjeunna teh djadi naon-naonna tina Bestuur Studiefonds, toeroeg-toeroeg aja serat ti Comite Studiefonds noe ditoedjoelkeun ka djoer. Roestami, henteu disebatkeun kapangkatanana andjeunna aja di Studiefonds. Koe lantaran eta H.B. Pasoendan oge dina laporanana njeratkeunana teh djenengan djoer. Roestami bae, sanes pisan maksad persoonlijk, ngan koe teu aja djalan sedjen. Tjing dina laporan H.B. dina Sipatahoenan ping 9 Februari teh aja sabaraha oerang anoe katjaritakeun sarta sabaraha kali bewang kasabit-sabit persoonlijk?

5. Toengtoeng tjatoer: „Soepados djadi oeninga" kantja-kantja noe aja dina kalangan H.B. Pasoendan poharа henteu pisan owelna tjitjing dina H.B. teh, euleuh henteu pisan pisan, ngan ieu mah pedah diwakilan koe doeloer doeloer lid Pasoendan bae, diselehan kabeubeurat dina enggoning ngoeroeskeun Pagoejoeban Pasoendan. Keur ka kantja-kantja noe aja dina H.B. Pasoendan estoe henteu aja kaoentoenganana, da lain eta noe dipalar, ngan ieu mah noe didjaring teh, moeng pedah aja kaseboetna gadoeh basa, bangsa sareng lemah tjai, malah mandar tiasa roendjang-noendjang satjongo ramboet atanapi sabeunjeureun kana oedaganana Pagoejoeban Pasoendan. Dina ngadjalankeun roepa-roepa perkawis H. B. satiasa-tiasa moal nilik kana koelit atanapi boeloe, tapi noe dipandang teh galoer bebeneranana.

Djabi ti eta, koe sadajana oge manawi pada kamaphoem jen noe djadi lid Pasoendan teh sing saha bae kagoengan hak njempad atanapi njela (bekritiseeren) kana paripolahna, tingkah lakoena pangoeroes pagoejoebanana, boh pangoeroes tjabang, boh Hoofd Bestuur, nadjan aja maksad bade ngasongkeun panoehoen rek motjot oge, asal oelah ninggalkeun djalan kasopanan noe moenasabah. Henteu kedah koekoeloetoek di toekangeun atanapi ngan oekoer di kakandoeng atanapi diheungheum bae ari kagoengan ka teu raos teh.

**H. B. Pag. Pasoendan.**

## Adres doeloer Hadji Hasan Moestapa

Samboengan Sip. 39.

Lijep netra Danan Djaja sawang rawit katawengan „lijep netra panon dipeureumkeun Dana kanjaah koering ka anak di pohokeun, Djaja manah tegoeh santosa, sawang = ngintjer, Rawit kasengsrem, katawengan = kataliweng, ringkesna ieu basa kieu. 'Panon koering di peureumkeun, kanjaah roepa roepa dipohokeun ngarah tegoeh santosa pikiran koering keur ngintjer noe di pikasengsrem koe manah koering les teu emoet naon naon anging . . . . naha ana beh teh inget kana dawoehan Kangdjeng Nabi sanggeusna djadi Rosoel geuning kieu.

„Waman hasal ilma paqod mata koronahoe sjèton" hartina saha saha djalma anoe perpadoe elmoe dimana maot di barengan setan.

Doeh djoeragan H. H. Moestapa se; woe pangapoenten panangtang andjeun abdi moal tiasa nampi tjindekna teu wantoen, kitoe kitoe lamoen Andjeun keukeuh nja proeng padoengdoengkeun tapi eta Dawoeh Kg. Nabi Rosoel kitoe. sowehkeun heula koe Aandjeun tjoerat tjaret heula koe andjeun. la moen Andjeun geus wani njoret Dawoehan Kg. Nabi Rasoel, nembe simkoering wantoen mesat sendjata tjakra.

Wassalam

Hardjoproewito.


Toko Universeel - Agentschap

**NIC. MULLER**

Goenoeng ladoe 15 telef. 26

**TASIKMALAJA.**

TJARI Inspectoer boeat koeliling periksa filiaal - filiaal dan toeroet kerdja reklame toko (propaganda).

Tjari di mana-mana tempat besar di Priangan wetan, agent - agent boeat djoewal lagi segala roepa obat. Boleh dapet atoeran commissie asal di betaro borgnja.

Tjari orang jang pinter boeat koeliling djoewal pake tanggoengan.

ORANG jang maoe mendjadi kerdja di toko NIC. MULLER Tasikmalaja, misti ada soerat keterangan bagoes dan certifikaat djoega. Boeat kirim sollicitatie sadja tida ada goena sebab sollicitatie misti bawa sendiri. Orang jang bisa betaro borgnja dapet dipilih lebih doeloe.

**NIC. MULLER**

Tasikmalaja.



TOKO

Universeel Agentschap

**NIC MULLER**

**TASIKMALAJA**

**Goenoengladoe No. 15**

Telefoon No. 26.

Sagala roepa obat - obat Patent sareng Chemicalien.

Tjelep (sipoehan sindjang).

Landong roepi roepi sapertos:

Landong njeri bool
Landong soepados tiasa koelem
Pil koeras manis
Landong panas anggoëun moerangkalih
Landong intjok
Saboen anggoeun kasawat koelit
Landong noe 'embek salira soepados djagdjag
Landong gohgoj sareng mengi
Zalep boelao koneng sareng bodas
Kompa pinareup
Wedak roepi roepi
Pel njenjepan
Landong njeri kahampangan
Castor olie noe diboengkoes
Creoline, Karbol
Kompa istri
Landong njeri benteung tadjam
Oebar kokoloteun
Landong angkeng
Kain karet No. I.
Landong kiat ka . . . ?
Landong kakiatan moerangkalih soepados montok
Limoen pergasi
Landong paranti moeragkeun boeloe kelek
Oebar raheut
Oebar paranti dikoeramas
Oebar toembila
Landong kakiatan salira
Perban perbanan. kapas sareng seueur seueur deui.

Awas! Tjelep badjoe atanapi kain kain roepi roepi warni.

Model, moerah, aloes.

Poendoet bae prijscourant (boekoe pangaos) kenging pere.

Sadaja barang kenging pesen rembours. Mangga tingali koe andjeun ka toko.

Noe ngantos

40 **Nic Muller.**



**Toko SOENDA**

**TASIKMALAJA.**

Telefoon No. 56

Ngawitan dina ping 20 Maart parantos disajagikeun roepi roepi sepatoe, slop sandel, troempah, anoe didamel tina **Crepe rubber**, oepami anoe tebih kenging pesen koe serat asal disebat nomerna, doepi kakiatanana teu kantos dipoedji deui, margi parantos pada oeninga.



**LELANG KAJOE**

Hari Saptoe tanggal 10 April poe-koel $9^1/_2$ pagi di roemah bola Intramontes di Garoet dari satoe perceel kajoe jang masih berdiri lebar 2 H. A. ada di oetan Goenoeng Mandalagiri, blok Tjiharoes desa dan Onderdistrict Tjikadjang kaboepaten Garoet.

Ditaksir ada 0.85 $M^3$ klas I, 37 $M^3$ klas II, 17 $M^3$ klas III dan 350 S. M. kajoe bakar Limiet f 654.—. Lain katrangan minta pada Opperhoutvester di Garoet.



## PRIJSCOURANT 1926.

**NEMBE KALOEAR**

Seueur barang-barang noe ditoeroenkeun pangaosna. Seueur tambihna boekoe-boekoe sareng barang-barang marodel.

Mangga poendoet ieu prijscourant anjar

ka

TOKO BOEKOE

**L. A. LEZER**

**Tasikmalaja.**



TOKO BOEKOE

**M. I. PRAWIRA WINATA.**

**Katja-Katja WETAN 182 BANDOENG.**

| | | | |
|---|---|---|---|
| Tjarita Agan Permas I | f 0,55 | Roesiah noe kasep . . . | „ 1,20 |
| Gan Sarifatimah . . . | „ 0,50 | Rangga Woeloeng . . . | „ 1,50 |
| Sadjarah K.N. Moehamad | „ 0,50 | Hadis . . . . . . . . | „ 0,50 |
| Lalakon K. D. Bandoeng angkat ka Mekah. . . | „ 1,50 | Nabi Paras . . . . . | „ 0,50 |
| Ganda Resmi I—II . . | „ 1,10 | Enden Joejoe . . . . . | „ 0,75 |
| Djatikoesoemah I. . . | „ 0,50 | „ Sari Banon. . . | „ 1.— |
| Oeudang² ka Islaman . | „ 0,35 | „ Retna . . . . | „ 1,50 |
| Tjarita Poetri Aminah di Bagdad . . . . . . | „ 0,15 | Goedang Goemoedjeug . | „ 0,75 |
| Mager Nagara . . . . | „ 0,30 | Pabrik Seuri . . . . | „ 0,80 |
| Agama Islam . . . . | „ 2,25 | Bodor tri wangsa. . . | „ 0,50 |
| Soelandjana. . . . . | „ 1,— | Bale Bandoeng. . . . | „ 0,50 |
| | | Danoemaja I—II . . . . | „ 1,— |

**Sanes ongkos ngintoenkeun.** **Prijscourant poendoet bae.**

**Koopt en verkoopt tweedehandsch boeken.**

Moderne talen Werken op elk gebied.

**Spotprijzen!**



**TAN HOEN AUW**

Toekang pasang gigi sareng panon palsoe ti Bandoeng ajeuna di Pasarbaroe Tasikmalaja.

Adres anoe mirah padamelan ditanggel sae.

Dina katoeangan-katoeangan anoe raraos sok sering ngadjantenkeun roa oelam saladjengna kasawat waos anoe sesah pisan dilandonganana. Meh teu tiasa deui njarioskeun sakoemaha kateuraosanana anoe kasawat waos, anoemawi kedah didjagi ti samemehna.

Ajeuna sim koering njajagikeun saniskanten landong anoe koemaha bae, nja kitoe deui ngadjagi soepados salamina waos sehat berseka, tiasa didjagi koe landong sim koering.

Para Istri dioeroesna koe njonja. Mangga saroemping.

Hormat noe ngantos-ngantos

11 **TAN HOEN AUW**

Pasarbaroe 59 Tasikmalaja.



## Bureau „ONTWIKKELING" Bandoeng

„Sakola loehoer djaman ajeuna teh nja eta boekoe pirang-pirang" tjek Thomas Carlyle mah hidji djelema noe katjida pinterna. Bener pisan ieu omongan teh.

Sabab dina abad ka 20 mah koe reana boekoe tina bab naon bae, oerang teh teu koedoe asoep ka sakola loehoer oepama oerang hajang madjoe nambahan pangarti, asal bae oerang daek matja.

Oepama andjeun hajang nambahan pangarti geuwat langganan „Cursus ditoelis" noe dikaloearkeun koe Bureau Ontwikkeling di Bandoeng, kaloearna saboelan doea kali, mimiti tanggal 1 Februari 1926.

Ieu Cursus mere katerangan ka andjeun koe basa Walanda koemaha prakprakanana diadjar basa Inggris. Gantjang ngartina kana basa Inggris make ieu Cursus mah. Basa Inggris teh basa doenja. Oelah asa-asa enggal langganan, artosna f 1,75 sakwartaleun kintoenkeun ti pajoen ka

**BUREAU „ONTWIKKELING"**

**BANDOENG.**



**TEGEL FABRIEK „NAJA"**

**Djalan Pasar - Tjieunteung**

**TASIKMALAJA.**

Sajagi roepa-roepa tegels. Pangaos ditanggel ngabingahkeun. Tjonto-tjonto dikintoen pertjoemah (gratis). Mangga tjarobian.

Hormatna noe ngantos-ngantos.



**ENGGAL NGAGALEUH**

**„Wawatjan Wajang Poerwa"** sae eusina, sae basana, sae dangdingna seueurna 1019 pada, pangaosna moeng **f 1,25.** Oentoengna tina ieu boekoe anggoeun **Schoolfonds H. I. S. Pasoendan** Tasikmalaja.



**N. V. Handel Mij „Goena Perniagaan"**

Agentuur & Commissiehandel - Incasso & Administratiekantoor

**BANDOENG, Oude Kerkhofweg 34**

**Pandhuisstraat 33, CAROET.**

Kanggo sasih Siam njajagikeun roepi-roepi SOEROETOE.

Pangaosna MIRAH, oepama dibandingkeun kana raosna.

Oepami parantos njobian tangtos djadi ngalanggan.

Diantos pesenanana.